



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI PREMYE DISPANSÈ KANABIS POU ADILT ITILIZE NAN SOUTHERN TIER

*Dispansè Binghamton lan ap ouvri nan vandredi 10 fevriye; li pral premye a
andeyò vil New York*

Gen plis dispansè ki gen pou louvri nan semèn k ap vini yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye lisans kondisyonèl dispansè vant an detay pou adilt itilize yo nan Southern Tier pral ouvri nan Binghamton. Ouvèti magazen an ede avanse objektif Inisyativ Opòtinite Lansman Eta New York la ak objektif ekite eta a nan zafè lisans pou kanabis, ki priyore bay lisans pou moun ki enplike nan lajistis, ki se moun ki gen yon kondanasyon pou kanabis oswa yon fanmi pwòch yon moun ki gen yon kondanasyon, ak òganizasyon san bi likratif ki ede moun ki enplike nan lajistis yo. Konsèy planifikasyon nan Binghamton lan te bay apwobasyon final li yè swa, sa ki pèmèt magazen an ouvri 10 fevriye.

"Avèk ouvèti nouvo dispansè tankou Just Breathe nan Binghamton, nou kontinye elaji endistri kanabis ki pi ekite ak enklizif nan peyi a isit nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York rete angaje pou sipòte pwopriyetè dispansè biznis endepandan yo, kiltivatè New York yo ki te mete tout yo mem nan rekòt yo, ak chak adilt ki vle jwi kanabis yo achte legalman nan Empire State la".

Ouvèti dispansè a nan Binghamton - Just Breathe nan 75 Court Street - pral posede epi opere pa yon patenarya ant yon antreprenè lokal ki gen eksperyans, Damien Cornwell, ak òganizasyon san bi likratif Broome County Urban League (BCUL). Cornwell te ede dirije inisyativ yo avèk BCUL, ki bay moun ki enplike nan lajistis resous, edikasyon ak chemen pou karyè pandan de deseni ki pase yo. Magazen an pral ouvri nan menm lokal yon revandè chanv a baz kanabis ki gen lisans kounye a, ki te entwodwi avèk siksè pwodwi ki sòti nan kanabis, tankou lwil CBD ak flè, nan kominote a depi 2020. Yon premye nan Southern Tier, dispansè ki gen lisans lan pral ouvri pou kliyan ki nan kè yon anba lavil Binghamton revitalize avèk pwodwi ki soti kay kiltivatè nan zòn nan ak atravè Eta New York. Magazen an ap ouvri pou lavant piblik a 3 p.m. nan vandredi 10 fevriye. Orè operasyon regilye yo pral lendi-mèkredi, 12 p.m. - 8 p.m.; jedi, 12 p.m. - 9 p.m.; vandredi, 12 p.m. - 10 p.m.; ak samdi, 12 p.m. - 9 p.m.

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare, "Endistri Cannabis Eta New York la ap grandi, epi lè nou rann otonòm òganizasyon lokal ki san bi likratif yo ak moun ki sibi domaj akòz entèdiksyon, n ap montre nasyon an kijan pou etabli yon endistri kanabis ekitab ak jis. Inisyativ Opòtinite Lansman Gouvènè Hochul te lanse ane pase a te pèmèt nou kontinye elaji pòte nou, sa ki te pote opòtinite nan divès kominote atravè eta a. Nou ap kreye djòb, ankouraje kwasans ekonomik, epi bay aksè a bon jan kalite pwodwi kanabis ak edikasyon atravè Eta a".

Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, te deklare, "Nenpòt lè Gouvènè Hochul anonse ouvèti yon nouvo dispansè Cannabis pou adilt, mwen fè yon souri, epi avèk magazen sa a ki pral ouvri byento, souri mwen rive jis nan zòrèy. Nou te kreye yon chèn apwovizyonman kanabis ekitab ki benefisye tout moun nan New York ki chwazi patisipe, swa kòm yon kliyan oswa yon antreprenè. Se sèlman kòmansman an, epi gen plis bagay toujou alavni".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Broome County Urban League, Jennifer Lesko, te deklare, "Legalizasyon mariwana a prezante yon opòtinite ekonomik pou tout rezidan New York, epi Broome County Urban League (Lig Iben Konte Broome) kontan anpil pou l fè pati li. Potansyèl endistri sa a laj, epi pa sanble ak anyen nou te wè deja. Misyon nou se te toujou pou ede moun yo gen travay ki peye, epi endistri sa a kapab fè sa. Patikilyèman, sa ka chanje sèn ekonomik Konte Boome, epi nou fyè pou nou fè pati avni favorab sa a".

Patenè nan Just Breathe, Damien Cornwell, te deklare, "Mwen kontan ak onore pou m pote bay kominote mwen an pwodwi legal ak sekirite ki soti nan peyi a. Opòtinite ekonomik biznis sa a prezante sou fòm nouvo djòb ak revni taks lokal yo ki chita sou plizyè deseni travay nou te fè ak Broome County Urban League pou ede kominote ki defavorize nan zòn nou an. 'Just Breathe' pral ofri, pou premye fwa isit la nan Southern Tier, yon kote ki sekirite ak règleman pou achte kanabis".

Senatè Eta Liz Krueger te deklare, "Chak nouvo revandè kanabis ki ouvri nan New York se yon pa pi pre objektif nou pou kreye yon mache pwospè pou adilt, youn ki santre ekite ak ti biznis ki bati pwosperite epi ki ankre kominote nou yo. Sa te deja yon ane enteresan pou deplwaman pwogram sa a, avèk anpil lòt bagay ki gen pou fèt".

Senatè Eta Lea Webb te deklare, "Mwen fyè dèske distri mwen an ak Vil Binghamton pral resevwa premye dispansè kanabis pou adilt itilize k ap ouvri pòt li nan nò Eta New York. Mwen vle swete Just Breathe yon byenvini epi felisite sensèman Damien Cornwell pou etap enpòtan sa a. Endistri kanabis k ap boujonnen nan New York la bati sou prensip ekite epi nou pa ka tann pou nou wè kwasans ekonomik ak nouvo djòb endistri sa a pral pote nan kominote nou an".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mwen kontan ke dispansè kondisyonèl vant an detay pou adilt itilize yo kontinye ap ouvri pòt yo. Tan, enèji, ak investisman ki fèt nan tout nivo chèn apwovizyonman an kòmmanse reyalize epi antreprenè sa yo pare pou prepare wout pou New York vin pi gwo mache kanabis

ekitab, an sekirite ak pwospè nan peyi a. Mwen pa ka tann pou m wè jou kote tout kominote ki vle pèmèt lavant an detay kanabis nan fwontyè pa yo ap akeyi ouvèti dispansè nan menm jan an, men mwen fristre paske kèk rejyon nan eta a nan yon dezavantaj akòz enjonksyon ki kontinye entèdi lisans CAURD nan zòn sa yo".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Plizyè ane travay di yo finalman pote rezilta nan vil Binghamton; sit premye dispansè kanabis pou adilt itilize k ap ouvri nan nò Eta New York. Nou pran angajman pou nou etabli yon sistèm legal ak an sekirite ki sipòte pwodikti agrikòl New York yo ak patnè ekite sosyal yo. Li apwopriye ke Just Breathe ap ouvri an patenarya ak Broome County Urban League; yon òganizasyon totalman dedye a jistis ekonomik ak sosyal".

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Lè nou gen magazen vant an detay sa a nan Konte Broome, sa pral ede kiltivatè yo epi ap founi revni pou Konte a ki sipòte sèvis enpòtan nou bay rezidan nou yo. Mwen apresye travay Gouvènè a pou asire ke endistri sa a an sekirite ak fyab pou konsomatè yo, pandan l ap sipòte pwopriyete biznis lokal yo tou".

Majistra Binghamton, Jared M. Kraham, te deklare, "Binghamton fyè pou l dirije wout endistri kanabis legal nan nò Eta New York. Avèk premye dispansè ki gen lisans andeyò Vil New York k ap ouvri nan anba lavil Binghamton, kominote nou an pare pou maksimize opòtinite pou nouvo djòb, envestisman kominote ak revitalizasyon kontinyèl sant iben nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak OCM pou travay yo pou pote endistri kanabis la nan Eta New York".

Gouvènè Hochul [anonse](#) ouvèti premye lisans komèsyal kondisyonèl dispansè pou vant an detay pou adilt itilize nan Eta New York nan mwa janvyè. Anvan sa, premye dispansè ki gen lisans nan eta a, [ke Housing Works, òganizasyon san bi likratif la ap jere](#), te ouvri nan fen mwa desanm. Lisans CAURD la se yon poto santral nan kad Inisyativ Opòtinite Lansman Eta New York la. Atravè Inisyativ la, premye dispansè pou vann an detay legalman pou itilizasyon adilt yo pral opere pa sila yo ki te afekte pa entèdiksyon kanabis oswa òganizasyon san bi likratif ki gen sèvis yo ki enkli sipò pou ansyen prizonye yo./ Dispansè sa yo pral vann legalman adilt yo pwodui kanabis Kiltivatè New York yo kiltive.

Pou yo ka elijib, aplikan yo dwe swa gen yon kondanasyon pou kanabis pou tèt yo, oswa yo dwe manm fanmi pwòch yon moun ki te kondane, epi posede oswa ki te deja posede yon biznis ki te gen yon pwofi nèt pandan omwen dezan. Òganizasyon san bi likratif yo elijib pou lisans CAURD si yo gen yon istwa nan sèvi ak moun ki nan prizon kounye a oswa ansyen prizonye, tankou kreye opòtinite pwofesyonèl pou yo; genyen omwen yon manm konsèy jistis ki enplike; omwen senk anplwaye aplentan; epi yo te opere yon antrepriz sosyal ki te gen byen nèt oswa pwofi pou omwen dezan.

###